

DEKLARASYON DWA KONSTRIKSYON SAN DANJE

Deklarasyon Dwa Konstriksyon San Danje a bay yon kokennchenn enfòmasyon konsènan travay konstriskyon nan bilding ou a, ak yon deskripsyon sou travay k ap fèt la, lè konstriksyon an, yon delè pou travay la fini, ak enfòmasyon pou kontakte pwopriyetè bilding lan. Yo dwe afiche Deklarasyon Dwa Konstriksyon San Danje a nan bilding nan epi ou mèt rele 311 pou nenpòt plent konsènan Deklarasyon Dwa Konstriksyon San Danje a, oswa si gen youn ki manke.

Safe Construction Bill of Rights

This Notice and a Tenant Protection Plan are required to be distributed to each occupied dwelling unit or posted in a conspicuous manner in the building lobby and on every floor within 10 feet of every elevator bank, or, in a building with no elevator, within 10 feet of or inside every main stairwell and shall remain posted until the completion of the described permitted work because :

- The property owner has filed an application for a permit for work not constituting minor alterations or ordinary repairs with the Department of Buildings (DOB).
- The property owner has notified the DOB that an emergency work permit is being sought.
- The property owner has filed for a temporary certificate of occupancy.

Description of the type of work being conducted and the locations in the multiple dwelling where the work will take place _____

Description of the amenities or essential services anticipated to be unavailable or interrupted during the work and how the owner will minimize such unavailability or interruption _____

Hours of construction _____

Projected timeline for the completion of the work _____

Agent or employee of the owner who can be reached for non-emergency matters pertaining to the work being performed

Name: _____ Contact number: _____

Agent or employee of the owner who can be reached for emergency matters pertaining to the work being performed 24 hours a day, 7 days a week during the period of construction:

Name: _____ Contact number: _____

To file a complaint about the work being performed or ask questions about the work being performed, contact the Department of Buildings at 311.

Kilè yo oblije afiche Deklarasyon Dwa Konstriksyon San Danje?

Yo dwe afiche yon Deklarasyon Dwa Konstriksyon San Danje nenpòt lè gen travay konstriksyon nan yon bilding ki gen moun ki abite ladan ki bezwen yon pèmi DOB.

Ki kote mwen ka jwenn Deklarasyon Dwa Konstriksyon Sasn Danje bilding mwen an?

Yo dwe distribye Deklarasyon Dwa Konstriksyon San Danje a bay lokatè yo oswa afiche li nan lòbi bilding lan epi nan chak etaj bilding lan.



LIVING SAFELY

BIWO REPREZAN- TAN LOKATÈ A

TenantAdvocate@buildings.nyc.gov



Pou jwenn plis enfòmasyon sou asèlman lokatè ak kijan pou w jwenn èd, rele **311** oswa itilize **311 ONLINE** pou mande yon kopi ABC sou Lojman HPD a.

PLAN PWOTEKSYON LOKATÈ

Kisa yon Plan Pwoteksyon Lokatè ye?

Yon Plan Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Plan, TPP) dekri kijan yo pral pwoteje sekirite ak sante lokatè yo pandan travay konstriksyon nan yon bilding ki gen moun ki abite ladan. TPP a dwe abòde kijan pwopriyetè a gen plan pou kenbe bonjan sòti pou ijans, sekirite kont dife, nòm lasante, nòm lojman an sekirite, sekirite estriktirèl, restriksyon bui, ak sèvis enpòtans tankou chofaj ak dlo cho.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou TPP, ale sou sitwèb DOB a nan nyc.gov/buildings epi klike sou onglè ki rele “Tenant” (Lokatè) a.

Kilè yon Plan Pwoteksyon Lokatè obligatwa?

Yon TPP obligatwa nenpòt lè gen travay konstriksyon nan yon bilding ki gen moun ki abite ladan ki bezwen yon pèmi DOB. Pifò travay konstriksyon bezwen yon pèmi DOB. Men, ti travay tankou pentire, oswa ranplase kabinèt kizin oswa fenèt, pa bezwen yon pèmi DOB epi yon TPP pa obligatwa.

Ki kote mwen ka jwenn Plan Pwoteksyon Lokatè mwen an?

Ou pa mande pwopriyetè ou a yon kopi TPP pou travay konstriksyon y ap fè nan bilding ou a, oswa ou ka mete adrès ou nan Sistèm Enfòmasyon sou **Bilding (Buildings Information System, BIS)** DOB a nan nyc.gov/bis.



Èske pwopriyetè bilding yo bezwen di lokatè yo lè bilding lan gen yon Plan Pwoteksyon Lokatè?

WI. Yo dwe distribye yon anons konsènan TPP a bay lokatè yo oswa afiche li nan lòbi bilding lan epi nan chak etaj bilding lan. Gade anba a pou yon egzanp anons sou TPP yo dwe afiche a.

Pou pote plent konsènan yon TPP, oswa paske pa gen youn, ou ka **311** oswa itilize **311 ONLINE**.

NOTICE

RE: TENANT PROTECTION PLAN FOR OCCUPANTS

The NYC Department of Buildings has issued a permit for work in this requires a Tenant Protection Plan (TPP). Building occupants may obtain a paper copy of the TPP from the owner and may access the plan on the Department's website at www.nyc.gov/buildings.

Address:

Below is the contact information for the (check one):

Site Safety Manager
 Site Safety Coordinator
 Superintendent of Construction
 Owner/Owner's Designee

Name: Phone Number:

Building occupants may call 311 to make complaints.

NYC Administrative Code § 28-104.8.4.3 requires the Owner to:

- Distribute this notice to each occupied dwelling unit; or
- Post this notice in a conspicuous manner in the lobby and
 - on each floor within ten feet of the elevator
 - if the building does not have an elevator, within ten feet of or in the main stairwell of each floor.

Biwo Reprèzantan Lokatè (**Office of the Tenant Advocate, OTA**) nan Depatman Konstriksyon (Department of Buildings) Vil New York la se yon resous pou ede lokatè yo konprann lwa ki kontwole konstriksyon yo. OTA ede lokatè yo verifye si kontraktè yo konfòme yo ak Plan Pwoteksyon Lokatè yo epi yo mennen ankèt sou plent kontriskyon tankou asèlman.

ASÈLMAN

Gen diferan fason yo ka fè asèlman kont yon moun. Men kèk nan plizyè fason yo ka fè asèlman kont moun nan konstriksyon

- Travay sèlman pou mete lavi yon lokatè an danje, tan pou w amelyore bilding nan
- Plan Pwoteksyon Lokatè ki manke oswa ki pa sifizan
- fè travay konstriksyon nan lè ki pa lè pou fè konstriksyon oswa travay li te ka fè nan lè nòmal pou konstriksyon; oswa
- Pa rezoud pwoblèm ki te fè Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB) bay yon sitasyon oswa lòd pou soti nan kay la.

Si ou gen nenpòt nan kalite asèlman sa yo, tanpri rele **311** oswa itilize **311 ONLINE** pou mete OTA okouran.

Si pwopriyetè ou a pa ba ou sèvis debaz, tankou chofaj ak dlo cho, oswa yo pa antreteni bilding ou an byen, tanpri rele 311 oswa itilize **311 ONLINE** pou kontakte Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York.

Nan bilding ki gen apatman yo kontwole pri lwaye oswa estabilize pri lwaye yo, lokatè ki gen plent pou asèlman yo ka kontate Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) tou nan (718) 739-6400. HCR fè respekte lwa lojman apatman eta a kontwole pri yo.

Kimoun mwen ka kontakte si mwen gen kesyon konsènan konstriksyon k ap fèt nan bilding mwen an?

- Si se yon pwoblèm kote gen yon sitiyasyon ki menase vi moun, rele **911**.
- Si se yon pwoblèm pou zafè reparasyon oswa antretyen jeneral, rele **311**.
- Si se yon pwoblèm konsènan konstriksyon k ap fèt nan bilding ou a, rele **OTA** nan **(212) 393-2949** oswa voye yon imèl bay TenantAdvocate@buildings.nyc.gov.